**Qaraqalpaqstan medicina institutınıń**
**2021-jıl 5-iyul kúngi 170-sanlı**
**buyrıǵına 1-qosımsha**

**Qaraqalpaqstan medicina institutınıń Korrupciyaǵa qarsı gúresiw "Komplaens qadaǵalaw" sistemasın basqarıw bólimi haqqında**

# ÚLGI NIZAM

## I. Ulıwma qaǵıydalar.

1. Usı Reje Korrupciyaǵa qarsı gúresiw "Komplaens qadaǵalaw" sistemasın basqarıw bóliminiń (keyingi orınlarda - Bólim) statusı, tiykarǵı wazıypaları, funkciyaları, huqıqları, juwapkershiligi, jumısın shólkemlestiriw, xızmetkerlerdiń funkcional wazıypaları hám juwapkershiligin belgileydi.

2. Bólim institguttıń strukturalıq bólimi esaplanadı.

3. Bólimniń jumısı institutta "Komplaens qadaǵalaw" sistemasın basqarıw, sonday-aq, korrupciyaǵa qarsı gúresiw jumısın alıp barıwǵa baǵdarlanǵan bolıp, óz wákillikleri sheńberinde tikkeley rektorǵa boysınadı hám instituttıń Komplaens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw bólimine esap beredi.

4. Bólim óz jumısında Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarına, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń qararlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları hám biyliklerine, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararları hám biyliklerine, ministrliktiń buyrıqlarına hám Kollegiyasınıń qararlarına, usı Rejege, joqarı bilimlendiriw mákemesiniń ishki buyrıqlarına, sonday-aq basqa da nızam hújjetlerine ámel etedi.

Bólim óz jumısın joqarı bilimlendiriw mákemesiniń basqa bólimleri menen óz-ara birge islesiwde ámelge asıradı.

## II. Bólimniń wazıypaları hám funkciyaları.

Tómendegiler Bólimniń tiykarǵı wazıypaları esaplanadı:

institutta korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń profilaktikası hám olarǵa qarsı gúresiw;

institutta "Korrupciyasız taraw" joybarın joqarı bilimlendiriw mákemesi kóleminde ámelge asırıwǵa qaratılǵan ilajlardıń orınlanıwın támiyinlew;

institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiw "Komplaens qadaǵalaw" sistemasın engiziw hám onı ámelge asırıw;

institutta korrupciyaǵa baylanıslı qáwip-qáterler joqarı bolǵan baǵdarlar jáne korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlar júz beriwiniń sebep hám sharayatların anıqlaw;

institutta korrupciya kórinisleriniń payda bolıwına alıp keletuǵın sistemalı mashqalalar hám olardı saplastırıw boyınsha tiyisli usınıslardı kirgizgen halda málimleme berip barıw;

institutta korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń sebep hám sharayatların saplastırıw jáne korrupciyaǵa qarsı gúresiw ilajlarınıń nátiyjeliligin arttırıwǵa qaratılǵan baǵdarlamalardıń orınlanıwın támiyinlew;

institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiwge qaratılǵan jámiyetlik qadaǵalawdı muwapıqlastırıp barıw, sonday-aq, zamanagóy usıllar hám málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında korrupciyaǵa qarsı monitoring alıp barıw;

korrupciyaǵa qarsı gúresiw hám jámiyetlik qadaǵalaw tarawında ulıwma tán alınǵan xalıqaralıq standartlar hám shet eldiń unamlı tájiriybesin úyreniw jáne aldıńgı tárеplerin engiziw boyınsha usınıslar islep shıǵıw;

institutta korrupciyanıń jaǵdayı, tendenciyaları hám sebepleri jáne korrupciyaǵa qarsı ilajlar kóriwdiń nátiyjeliligi boyınsha sociologiyalıq, ilimiy hám basqa da izertlewlerdi shólkemlestiriw hám usınıslar islep shıǵıw;

institut janındaǵı klinikanıń korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarındaǵı jumısın muwapıqlastırıw.

6. Bólim ózine júklengen wazıypalardı orınlaw ushın tómendegi funkciyalardı ámelge asıradı:

institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiwge baylanıslı nızamlar hám nızamnan kelip shıǵatuǵın hújjetler, sonday-aq, Ministrlik Kollegiyasınıń qararları hám buyrıqlarına ámel etiliwi ústinen qadaǵalaw alıp baradı;

korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıwǵa qaratılǵan ilajlar hám jumıs rejelerin islep shıǵadı, olardıń tolıq, sapalı hám óz waqtında orınlanıwın támiyinleydi, belgilengen ilajlardıń ámelge asırılıw jaǵdayın úyrenedi, nátiyjeleri boyınsha maǵlıwmatlar tayarlaydı;

institutta "Korrupciyasız taraw" joybarın ámelge asıradı;

institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha ilajlardı ámelge asırıwǵa qaratılǵan ishki hújjetlerdiń joybarların islep shıǵadı hám tastıyıqlaw ushın rektor (direktor) ǵa kirgizedi;

instituttıń ishki hújjetlerinde anıqlanǵan korrupciyalıq normalardı saplastırıw boyınsha usınıslar islep shıǵadı;

institutta korrupciyalıq qáwip-qáterlerdi bahalaydı hám olardı azaytıw boyınsha ilajlar rejelerin islep shıǵadı;

instituttıń professor-oqıtıwshıları, basqarıw, texnikalıq, xızmet kórsetiwshi hám oqıw-járdemshi xızmetkerleriniń is-háreketlerindegi korrupciyalıq qáwip-

qáterler hám huqıqbuzarlıqlar haqqında kelip túsetuǵın múrájatlardı hám anonim xabarlardı kórip shıǵadı hám belgilengen tártipte ilajlar kóredi;

institutta korrupciya faktlerine baylanıslı xızmet tekseriwleriniń reestrin júrgizedi;

mámleketlik satıp alıwlardı ámelge asırıwda mápler soqlıǵısıwın tallawda hám kontragentlerdiń isenimliligin tekseriwde qatnasadı;

institut xızmetkerleri arasında mápler soqlıǵısıwı monitoringin alıp baradı hám tiyisli usınıslar kirgizedi;

institttıń professor-oqıtıwshıları, basqarıw, texnikalıq, xızmet kórsetiwshi, oqıw-járdemshi xızmetkerleri arasında turaqlı túrde profilaktikalıq sáwbetler shólkemlestirip baradı;

institttıń jumısında korrupciya jaǵdayların anıqlaw maqsetinde professor-oqıtıwshılar, basqarıw, texnikalıq, xızmet kórsetiwshi, oqıw-járdemshi xızmetkerler, studentler (magistrantlar, doktorantlar, erkin izleniwshiler) hám xalıq arasında sorawlar ótkeredi.

sorawlar, sociallıq hám basqa da izertlewler tiykarında korrupciyaǵa qarsı gúresiw úgit-násiyatlaw boyınsha ilajlardıń nátiyjeleri hám tásirin turaqlı túrde bahalap baradı jáne keyingi ilajlardı belgilewde bahalaw nátiyjelerinen paydalanadı;

professor-oqıtıwshılar, student-jaslar arasında korrupciyaǵa qarsı gúresiwge qaratılǵan konferenciyalar, ushırasıwlar, seminarlar, tańlawlar shólkemlestiredi;

institutta korrupciyaǵa qarsı gúresiw tarawında qabıl etilip atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligin bahalaydı;

institutta korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlar júz beriwiniń sharayatları hám sebeplerin úyrenedi, sonday-aq, olardı saplastırıw boyınsha usınıslardı islep shıǵadı;

institttıń rásmiy veb-saytında "Korrupciyaǵa qarsı gúresiw" bólimindegi maǵlıwmatlardıń turaqlı túrde jańalanıp barılıwın támiyinleydi;

hár sherekte hám zárúrlikke bola korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar jáne joqarı bilimlendiriw mákemesindegi korrupciya jaǵdayı haqqında rektorǵa jáne Joqarı bilimlemdiriw pán hám innovatsiyalar ministrliginiń Komplayens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw bólimine esabat beredi;

Instituttıń Komplaens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw bólimi jáne korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha jumıstı ámelge asırıwshı basqa da mámleketlik uyımlar hám shólkemler, ata-analar menen korrupciyaǵa qarsı gúresiw tarawında nátiyjeli birge islesiwdi jolǵa qoyadı;

institut janındaǵı klinikanıń korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarındaǵı jumısı ústinen qadaǵalaw ornatadı;

institutta korrupciyaǵa qarsı ámelge asırılǵan jumıslardı monitoring etedi, analitikalıq materiallardı basshılıqqa hám ministrlikke kirgizip baradı.

## III. Bólimniń huqıqları hám juwapkershiligi.

Bólim oǵan júklengen wazıypalar hám funkciyalardı ámelge asırıw ushın tómendegi huqıqlarǵa iye:

institut hám onıń janındaǵı klinikaǵa jumısqa qabıl etiw, xızmetkerlerdi attestaciyadan ótkeriw, student (magistrant, doktorant, erkin izleniwshi) lerdiń imtixanları (juwmaqlawshı, aralıq, mamanlıq, juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya, diplom qorǵawı) processlerin tikkeley yamasa videotranslyaciya arqalı baqlap barıw, bul processlerde korrupciyalıq qáwip-qáterlerdi anıqlaw;

instituttıń hám onıń janındaǵı klinikanıń professor-oqıtıwshıları, basqarıw, texnikalıq, xızmet kórsetiwshi hám oqıw-járdemshi xızmetkerlerinen olardıń wákilligine kiretuǵın máseleler boyınsha analitikalıq materiallar, juwmaqlar, birlemshi hám basqa da tastıyıqlawshı hújjetlerdi, statistikalıq hám basqa da maǵlıwmatlardı soraw, talap etiw hám alıw;

xızmet wazıypaların orınlaw sheńberinde institut xızmetkerlerinen zárúr járdem soraw hám alıw, zárúr jaǵdaylarda jumısshı toparlar shólkemlestiriw;

instituttıń Keńesi májilisleriniń májilislerinde qatnasıw;

institut rektorına komplaens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw máselelerine baylanıslı usınıslar kirgiziw;

wákilligi sheńberinde tekseriwler ótkeriw, hújjetlerdi talap etiw, joqarı bilimlendiriw mákemesiniń professor-oqıtıwshıları, basqarıw, texnikalıq, xızmet kórsetiwshi hám oqıw-járdemshi xızmetkerleri, studentlerden (magistrantlar, doktorantlar, ǵárezsiz izleniwshiler) jazba túsinikler alıw, jınayat belgileri

anıqlanǵan jaǵdaylarda tiyisli huqıqtı qorǵaw uyımlarına xabar beriw;

óz jumısı sheńberinde joqarı bilimlendiriw mákemesiniń strukturalıq bólimlerine kórsetpeler hám usınıslar beriw;

usı nızam hújjetlerine muwapıq basqa huqıqlarǵa da ie bolıwı múmkin.

ózine júklengen wazıypalardıń tiyisli dárejede hám nátiyjeli orınlanıwı;

ózine júklengen funkciyalardıń orınlanıwı hám de orınlaw tártibin támiyinlew talaplarınıń orınlanıwı;

institut basshılıǵına málimleme beriw ushın materiallar hám hújjetlerdiń belgilengen múddetlerde orınlanıwın támiyinlew;

institutta komplaens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw jumısı boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń jaǵdayı;

fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatlarınıń óz waqtında kórip shıǵılıwı hámde nızamshılıq hújjetleri tiykarında sheshiliwi ushın juwapker.

## IV. Bólim dúzilisi.

10. Bólim dúzilisi Bólim baslıǵı hám bas qánigeni óz ishine aladı.

Bólimge baslıq basshılıq etedi. Bólim jumısınıń biygárezligin támiyinlew maqsetinde Bólim baslıǵı óz jumısında tikkeley joqarı bilimlendiriw mákemesi rektorına hám Bólim bas qánigesi Bólim baslıǵına boysınadı.

12. Bólim baslıǵı institut rektorınıń buyrıǵına muwapıq belgilengen tártipte lawazımǵa tayınlanadı hám lawazımınan azat etiledi.

13. Bólimniń bas qánigesi rektorınıń buyrıǵı menen belgilengen tártipte lawazımǵa tayınlanadı hám lawazımınan azat etiledi.

## V. Bólim baslıǵı hám bas qánigeniń tiykarǵı funkcional wazıypaları

14. Bólim baslıǵınıń tiykarǵı funkcional wazıypaları tómendegilerden ibarat:

Bólimge ulıwma basshılıq etedi, bólim jumısın shólkemlestiredi, bólimge júklengen wazıypalar hám funkciyalardıń orınlanıwı hám de atqarıw tártibi boyınsha tolıq juwap beredi;

institutta korrupciyaǵa qarsı góresiwge baylanıslı nızamlar, nızamnan kelip shıǵatuǵın hújjetlerge ámel etiliwi ústinen qadaǵalaw alıp baradı;

korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıwǵa qaratılǵan ilajlar hám jumıs rejelerin islep shıǵadı, olardıń tolıq, sapalı hám óz waqtında orınlanıwın támiyinleydi;

institutta "Korrupciyasız taraw" joybarın ámelge asırıwǵa qaratılǵan jumıslardı shólkemlestiredi;

aldıńǵı sırt el tájiriybelerin úyreniw tiykarında korrupciyaǵa qarsı góresiw boyınsha analitikalıq materiallar tayarlaydı;

puqaralıq jámieti institutları, huqıqtı qorǵawshı hám qadaǵalawshı uyımlar, ata-analar menen korrupciyaǵa qarsı góresiw tarawında nátiyjeli birge islesiwdi jolǵa qoyadı;

komplaens qadaǵalaw hám korrupciyaǵa qarsı góresiwge juwapker shaxslardı oqıtıw hám qánigeligin arttırıwdı shólkemlestiredi;

institutta korrupciyaǵa jol qoymaw boyınsha ámelge asırılǵan jumıslardı monitoring etedi, analitikalıq materiallardı basshılıqqa kirgizedi;

bólim jumısına tiyisli máseleler boyınsha hújjetlerdi islep shıǵadı, sonday-aq, kirgizilgen hújjetler joybarlarınıń kórip shıǵılıwın támiyinleydi hám usınıslar tayarlaydı;

institut Keńesi quramına kirgiziledi hám de májilislerde qatnasadı;

bólim jumısların bunnan bılay da jetilistiriwge baylanıslı ilajlardı islep shıǵadı hám ámelge asırılıwın támiyinleydi;

bólim jumısı menen baylanıslı fizikalıq hám yuridikalıq tároplerdiń múrájatların kórip shıǵadı hám de orınlaw tártibine tolıq ámel etedi;

nızam hújjetlerine muwapıq wákilligi sheńberinde basqa funkcional wazıypalardı ámelge asıradı.

15. Bas qánigeniń tiykarǵı funkcional wazıypaları tómendegilerden ibarat:

oqıw bilimlendiriw mákemeleriniń pedagog xızmetkerleri, student jaslar hám fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar menen ushırasıwlar shólkemlestirip, olardı qıynap atırǵan sistemalı mashqalalardı úyrenedi, joqarı bilimlendiriw mákemesinde korrupciyaǵa baylanıslı qáwip-qáterler joqarı bolǵan baǵdarlar jáne korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlar júz beriwiniń sebep hám sharayatların anıqlaydı;

korrupciyaǵa qarsı gúresiw baǵdarında ótkeriletuǵın úyreniwler, tekseriwler, tallawlar hám de islep shıǵılatuǵın usınıslarǵa qánigelerdi tartıwda qatnasadı;

korrupciyaǵa qarsı oqıw-metodikalıq hám metodikalıq jaqtan, sonıń ishinde, audio-video rolikler, foto hám de buklet hám broshyura sıyaqlı materiallardı jaratıwdı jolǵa qoyadı;

institutta korrupciyanıń jaǵdayı, tendenciyaları hám sebepleri jáne korrupciyaǵa qarsı ilajlar kóriwdiń nátiyjeliligi boyınsha sociologiyalıq, ilimiy hám basqa sorawlardı shólkemlestiredi;

Bólim baslıǵı bolmaǵanda, bas qánige jumıstı muwapıqlastırıp baradı;

nızamshılıq hújjetlerine muwapıq wákilligi sheńberinde basqa funkcional wazıypalardı ámelge asıradı.

## VI. Bólim xızmetin shólkemlestiriw.

16. Bólim óz jumısın tarawǵa tiyisli nızam hújjetleri, tiyisli ministrlikler hám uyımlardıń buyrıqları, Joqarı bilimlendiriw mákemesi Keńesiniń qararları, buyrıqları, usı Reje hám Bólimniń jumıs rejesine tiykarlanıp ámelge asıradı.

17. Instituttıń Keńes qararları, rektor buyrıqları hám tender hújjetleri Bólim menen májbúriy tártipte kelisiledi.

18. Bólimniń jumıs rejesi joqarı bilimlendiriw mákemesi jumıs rejesiniń quramlıq bólegi esaplanadı hám joqarı bilimlendiriw mákemesi rektorı tárepinen tastıyıqlanadı.

## VII. Juwmaqlawshı qaǵıyda.

19. Bólim jumısın qayta shólkemlestiriw hám saplastırıw nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte ámelge asırıladı.